

DZIDZA KUKANGANWIRA

Asi ivai nemoyo munyoro mumwe kune mumwe, muchinzwirana tsitsi, muchikangamwirana, sezvamakakangamwirwa naMwari nekuda kwaKristu.

VAEFESO 4:32

kana vanhu vangu, vakatumidzwa nezita rangu, vakazvininipisa, vakanyengetera nokutsvaka chiso changu, nokurega nzira dzavo dzakaipa; ipapo ndichanzwa kudenga, ndivakangamwire zvivi zvavo, nokuporesa nyika yavo. 2 MAKORONIKE 7:14

Wakaropafadzwa uyo kudarika kwake kwakakangamwirwa, akafukidzirwa zvivi zvake. PISAREMA 32:1

Asi iye, zvaakanga ane nyasha huru, akavakangamwira kuipa kwavo, akasavaparadza; Zvirokwazvo, kazhinji akadzora kutsamwa kwake, akasamutsa hasha dzake dzose. PISAREMA 78:38

Makakangamwira kutadza kwavanhu venyu, Makafukidza zvivi zvavo zvose. Sera. PISAREMA 85:2

Nokuti imi, Ishe makanaka, munofarira kukangamwira; mune tsitsi zhinji kuna vose vanodana kwamuri. PISAREMA 86:5

Dai imwi Ishe, mairangarira zvisakarurama, Ndianiko airamba amire, Ishe? Asi kukangamwirwa kuriko kwamuri, Kuti vanhu vakutyei. PISAREMA 130:3-4

Nokuti kana muchikanganwira vanhu kudarika kwavo, Baba venyu vari kudenga vachakuregereraiwo. Asi kana musingakangamwiri vanhu kudarika kwavo, Baba venyu havangakukangamwiriiwo kudarika kwenyu. MATEU 6:14-15

Musatonga, mugorega kutongwawo; musapa mhosva, mugorega kupiwawo mhosva; regererai, mugoregererwa: RUKA 6:37

Jesu akapindura akati kwaari: Simoni, ndine chekutaura kwauri. Iye ndokuti: Mudzidzisi, revai. Kwakange kune vakwereti vaviri kune umwe mukweretesi; umwe wakange ane chikwereti chamadhenari* anamazana mashanu, uye umwe makumi mashanu. Vakati vasina chekuripisa, akangovakangamwira vari vaviri. Naizvozvo ndiudzei, ndiani wavo achamuda zvakanyanya? Simoni akapindura akati: Ndinofunga ndouyo waakakangamwira kupfuura umwe. Akati kwaari: Watonga zvakarurama. Zvino akatendeukira kumukadzi, akati kuna Simoni: Unoona mukadzi uyu here? Ndapinda mumba mako, mvura yetsoka dzangu hauna kundipa; asi uyu washambidza tsoka dzangu nemisodzi, ndokudzipusika nevhudzi remusoro wake. Iwe hauna kunditsvoda, asi mukadzi uyu, kubva panguva yandapinda, haana kurega kutsvoda tsoka dzangu. Nemafuta musoro wangu hauna kuuzodza, asi mukadzi uyu azodza tsoka dzangu nechizoro. Naizvozvo, ndinoti kwauri: Zvivi zvake zvizhinji zvakangamwirwa; nekuti wakada zvikuru; asi unokangamwirwa zvishoma, unoda zvishoma. Zvino akati kwaari: Zvivi zvako zvakangamwirwa. RUKA 7:40-48

Muzvichenjerere imwi. Kana hama yako yakutadzira, mutsiure; uye kana akatendeuka mukanganwire. Uye kana akutadzira kanomwe pazuva, akadzokera kwauri kanomwe pazuva, achiti: Ndatendeuka; unofanira kumukanganwira. RUKA 17:3-4

maari matine dzikunuro kubudikidza neropa rake,
iko kukanganwirwa kwezvivi, zvichienderana nekuwanda kwenyasha dzake; VAEFESO 1:7

muchiitirana moyo murefu, nekukangamwirana, kana munhu ane mhosva neumwe; Kristu sezvaakakukangamwirai, muite saizvozvo nemiwo. VAKOROSE 3:13

Kana tichireurura zvivi zvedu, iye wakatendeka uye wakarurama kuti atikangamwire zvivi zvedu, nokutinatsa pakusarurama kose. 1 JOHANI 1:9

Nokuti Ishe azere netsitsi netsitsi, ane moyo murefu, ane tsitsi huru, uye anokanganwira zvivi, uye anoponesa panguva yekutambudzika. MUPARIDZI 2:11

Kangamwira wokwako zvakaipa zvaakakuitira, kuti zvivi zvako zviregererwewo paunonyengetera. Munhu anovenga mumwe, uye angakumbira ruregerero kuna Jehovha here? Iye haanzwiri tsitsi munhu akafanana naye; angakumbira ruregerero rwezvivi zvake here? MUPARIDZI 28:2-4

...Imi, Ishe, maererano nokunaka kwenyu kukuru, makavimbisa kutendeuka nokuregererwa kune avo vakakutadzirai: uye netsitsi dzenyu dzisingaperi makagadza kutendeuka kuvatadzi, kuti vaponeswe... MUNYENGETERO WAMANASEH 1: 1

Dananai nemoyo wose; Kana munhu akakutadzira, umuudze zvakanaka, usava nekunyengera pamweya wako; uye kana akatendeuka uye akareurura, muregerere. Uye kana akashaya nyadzi uye akarambira mukutadza kwake, muregererei kubva pamwoyo pake, uye musiira Mwari kutsiva.
TESTAMENDE YAGADHI 2:3, 8